

Local 1181-1061

Amalgamated Transit Union A.F.L.-C.I.O.



20 N. Central Avenue - Suite A
Valley Stream, NY 11580

Office 718-845-5600
Fax 516-881-7651

6 octobre 2016

Avi Nominasyon ak Eleksyon Ofisye Lokal

1181-1061 yo, Amalgamated Transit Union

(Sendika Ini pou Transpò)

Dapre yon Antant Règleman ki te Estipile ak yon Lòd ki te siyen nan dat 12 septanm 2016 pa Tribinal Distri Ameriken pou Distri Lès New York la, y ap fè yon nouvo nominasyon, yon nouvo eleksyon ak enstalasyon ofisye Amalgamated Transit Union (Sendika Ini pou Transpò) Local 1181 sou sipèvizyon Sekreteri Travay la. Antant Règleman ak Lòd ki Estipile yo prevwa pou U.S. Department of Labor (Ministè Travay Ameriken) an sipèvize eleksyon Amalgamated Transit Union Local 1181 k ap fèt selon Atik IV LMRDA a, nan mezi li legal epi aplikab, nan konfòmite ak Konstitisyon an ak Lwa Amalgamated Transit Union Local 1181 an ak Konstitisyon ak Lwa Jeneral Amalgamated Transit Union an avan jounen jedi 15 desanm 2016 la. Nan kad sa, U.S. Department of Labor (DOL) ap sipèvize eleksyon tout pozisyon Konsèy Egzekitif Local 1181 jan li presize anba a.

Avi Nominasyon ak Eleksyon Ofisye sa disponib tou sou entènèt an Anglè, Espanyòl ak Kreyòl sou sit entènèt Amalgamated Transit Union LU 1181 la nan <http://atu1181.org/>.

“El Aviso de **Nominaciones y Elecciones de Oficiales** también está disponible en español en línea en la página de internet de la Local 1181 de la Amalgamated Transit Union en la siguiente dirección <http://atu1181.org/>.

Avi sa a pou **Nominasyon ak Eleksyon Fonksyonè** a disponib sou sit entènèt Amalgamated Transit Union Local 1181 la an kreyòl nan <http://atu1181.org/>.

Nominasyon ak Eleksyon yo ap sipèvize pa DOL, Office of Labor-Management Standards (OLMS) [Biwo Nòm Jesyon Travay yo]. Anketè Prensipal Yvette Hoyt ap sèvi kòm Sipèvizè Eleksyon an. Ou ka jwenn Madmwazèl Hoyt nan 201 Varick Street, Room 878, New York, NY 10014-4811, (telefòn) 646-264-3190, (imel) ATU1181electionsupervisor@dol.gov.

American Arbitration Association (AAA) [Asosyasyon Abitraj Ameriken an] ap ede nan administrasyon eleksyon 2016 la.

Nominasyon yo ap fèt pou yon manda de zan edmi, k ap kòmanse 3 janvyè 2017 e k ap fini 30 jwen 2019, pou pòs Prezidan/Ajan Biznis ak Premye Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Sekretè Trezorye Finansye ak Dezyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Vis-Prezidan ak Twazyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Sekretè Pwosè Vèbal ak Katriyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Premye Manm Konsèy Egzekitif ak Senkyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Dezyèm Manm Konsèy Egzekitif ak Sizyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Twazyèm Manm Konsèy Egzekitif ak Setyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Katriyèm Manm Konsèy

Egzekitif ak Uiyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Senkyèm Manm Konsèy Egzekitif ak Nevyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Sizyèm Manm Konsèy Egzekitif ak Dizyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Setyèm Manm Konsèy Egzekitif ak Onzyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la, Uityèm Manm Konsèy Egzekitif ak Douzyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la ak Nevyèm Manm Konsèy Egzekitif ak Trèzyèm Delege nan Konvansyon Entènasyonal la.

NOMINASYON:

DAT: Mardi 18 octobre 2016

LÈ: 7:30 p.m. Fizo Orè Lès

KOTE: Christ the King Regional High School
68-02 Metropolitan Avenue
Middle Village, New York 11379

Y ap aksepte nominasyon pou tout pòs yo apati de planche a. Y ap itilize pwosedi sa yo pou mete non manm yo nan nominasyon an:

1. Prezidan an dwe rekonèt tout manm ki swete pran nominasyon nan rankont lan epi yo dwe idantifye tèt yo pa non yo anvan yo mete non yon manm nan nominasyon. Manm k ap fè yon nominasyon dwe prepare pou l idantifye nomine a nan fason egzak, ki enkli òtograf egzak non li.

2. Tout manm aktiv ki an règ ka mete non yon manm elijib ki an règ nan nominasyon, ki enkli tèt li, pou nenpòt pos ki pou ranpli. Tout manm ki retirete ki an règ ka mete non yon manm elijib ki an règ nan nominasyon. Yo pa ka nome retirete yo pou pòs oubyen pou yon pozisyon. Si gen akò ki fèt, Prezidan an ap aksepte yon (1) kandida sèlman pou chak nominasyon.

3. Prezidan an dwe rekonèt tout manm ki swete apiye yon nominasyon epi li dwe idantifye tèt li pa non l anvan l fè yon akò. Sipòtè a dwe se yon manm ki an règ. Yon manm ka nome jiska yon kandida pou chak pòs vakan.

4. Depi yo fin deklare nominasyon yo pou chak pozisyon, y ap fèmen nominasyon yo e yo p ap aksepte okenn lòt nominasyon pou pòs sa ankò. Si yon kandida potansyèl pa ka ale nan rankont nominasyon an pou kèk sikonstans enprevi, li **dwe** kontakte biwo Sekretè Trezorye Finansye a Jean Claude Calixte nan (718) 845-5600 oubyen ATU1181election@local1181atu.com epi imel Sipèvizè Eleksyon an Yvette Hoyt nan ATU1181electionsupervisor@dol.gov jiska 4:00 è p.m. nan demen (mèkredi 19 oktòb 2016). Moun ki nome yo ka aksepte nominasyon an pou yon sèl pòs sèlman.

5. Sipèvizè Eleksyon an, Yvette Hoyt ap avize tout moun yo nome yo detèmine ki pa elijib, pa pi ta ke vandredi 21 oktòb, alekri, de tout rezon presi ki fè yo pa kalifye.

6. Tout kandida ki kalifye yo ka patisipe nan yon Rankont Kandida pou revize tout règleman eleksyon ak kanpay yo. Rankont Kandida a ap fèt jounen madi 25 oktòb 2016 la a 7:30 è p.m. Nan biwo AAA ki sitiye nan 120 Broadway, Grand Concourse Level nan New York, NY 10271. Pou antre nan AAA apre lè biwo, itilize antre Cedar Street la ki ant Broadway ak Nassau Street.

Dapre Konstitisyon ATU, Atik 21.6 la, pou yon manm elijib pou **nome** kandida, li dwe an règ nan moman rankont nominasyon an. An règ vle di ke balans yo dwe ajou (peye jiska 30 jwen 2016) nan moman rankont nominasyon an jounen madi 18 oktòb 2016 la a 7:30 è p.m. Manm ki gen reta pèman pou de mwa oubyen plis yo pa an règ. Manm ki pa an règ pou yon peryòd douz (12) mwa oubyen plis yo ka restore

Repitasyon yo lè yo peye aryere ak tout frè retablisman ki enpòtan, pa pita ke madi 18 oktòb 2016. Nouvo manm ki te ranpli yon aplikasyon adezyon epi ki te enskri pou kotizasyon yo, yo konsidere yo an règ.

Pou elijib pou **poze kandida pou yon pòs**, yon manm dwe soumèt ak Konstitisyon Entènasyonal la ak règleman Local 1181 yo, e li dwe yon manm nan Local 1181, ki an règ nan fason kontini pandan de zan imedyat ki vini anvan rankont nominasyon an (1^{yo} jiyè 2014 rive 30 jwen 2016), jan li tabli nan Atik 14.2, 21.6, ak 21.11 Konstitisyon Entènasyonal la. Y ap pèmèt manm k a chèche poze kandida yo restore repitasyon yo pou peryòd de zan an si yo peye aryere yo jiska dat nominasyon yo, madi 18 oktòb 2016.

Konfòmman ak Atik 21.6 Konstitisyon ATU a, yo konsidere yon moun an règ depi li ranpli aplikasyon manm nan epi li peye swa yon pòsyon nan kotizasyon akonpayman ak frè antre yo oubyen li antre nan yon otorizasyon lyezon otreman pou dediksyon sou pewòl moun sa.

Se responsablite chak manm pou verifye li an règ. Ou ka verifye adezyon ou lè w kontakte Sekretè Trezorye Finansye a Jean Claude Calixte nan biwo Local 1181 an. Tout kesyon konsènan elijiblité pou pòs dwe adrese bay biwo Sekretè Trezorye Finansye a. Tout lòt demann oubyen dispit konsènan pwoblèm repitasyon pou poze kandidati ta dwe adrese bay Sipèvizè Eleksyon an Yvette Hoyt nan ATU1181electionsupervisor@dol.gov.

Jan li tabli nan Atik 14.3 Konstitisyon Entènasyonal la ak nan Règleman Local 1181 yo, manm ki kite sèvis yo volontèman kote afilyasyon nan Local 1181 an angaje, oubyen ki te pran retrèt sou pansyon oubyen yo te revoke pou rezon Local 1181 an an twouve ki kòrèk, pa elijib pou poze kandida pou okenn pòs nan distri a.

Yo egzije moun yo nome ki prezan nan rankont nominasyon an nan jounen madi 18 oktòb 2016 la aksepte oubyen refize pozisyon an imedyantman apre nominasyon an. Si genyen yon sikonstans enprevi ki anpeche moun yo nome a patisipe nan rankont nominasyon an, moun nan dwe kontakte Sekretè Trezorye Finansye a Jean Claude Calixte nan (718) 845-5600 oubyen ATU1181election@local1181atu.com ak Sipèvizè Eleksyon an nan ATU1181electionsupervisor@dol.gov pou ay Sekretè Trezorye Finansye a ak Sipèvizè Eleksyon an enfòmasyon kontak li (adrès, imel ak nimewo telefòn) pou yo ka detèmine si moun nan aksepte nominasyon an e moun nan dwe enfòmè Sekretè Trezorye a ak Sipèvizè Eleksyon an nan ATU1181electionsupervisor@dol.gov de pòs yo nome l pou li a ak akseptasyon li nan mèkredi 19 oktòb 2016 a 4:00 è p.m.

Tout moun yo nome yo dwe aksepte nominasyon yo alekri lè yo ranpli fòmilè akseptasyon an epi retounen l swa pa lapòs, nan adrès ki deziyen an oubyen pa imel nan ATU1181election@local1181atu.com ak ATU1181electionsupervisor@dol.gov jan li endike sou fòmilè a. Si w soumèt fòmilè akseptasyon ki ranpli an pa lapòs, Sekretè Trezorye a ap voye fòmilè akseptasyon yo bay Sipèvizè Eleksyon an. Y ap aksepte fòmilè akseptasyon ekri yo pandan rankont kandida yo tou ki prevwa pou fèt madi 25 oktòb 2016 nan biwo AAA a. Akseptasyon an dwe endike kijan kandida a swete pou non l parèt sou bilten vòt la.

Moun yo nome a dwe pale ak biwo Sekretè Trezorye a ak Sipèvizè Eleksyon an pou konfime ke Sendika a te resevwa fòmilè akseptasyon l lan. Moun ki nome ki pa retounen fòmilè akseptasyon an nan **delè ki etabli a. p ap sou bilten vòt la**. Jan li deklare anwo a, chak kandida dwe endike fason non li dwe parèt sou bilten vòt la e si li chwazi pou yo mete l nan yon lis kandida oubyen yon lis kandida pasyèl oswa non (pou mete dapre non kandida a ki sou bilten vòt la).

ELEKSYON:

BILTEN VÒT YO VOYE BAY MANM YO PA LAPÒS: Madi 15 novanm

2016 BILTEN VÒT KI NAN BIWO POSTAL KI DEZIYE YO:

Lendi 12 desanm 2016 5:00 è p.m. EST

DAT KONTAJ: Madi 13 desanm 2016 9:00 è a.m. EST

KOTE KONTAJ LA AP FÈT: American Arbitration Association
120 Broadway, Concourse
Level New York, NY 10271

Konfòmeman ak Konstitisyon Entènasyonal la ak Règleman Distri 1181 yo, eleksyon an ap fèt ak bilten vòt postal. Si w pa resevwa bilten vòt ou an lendi 21 novanm 2016, oubyen ou pèdi bilten vòt ou an oubyen pou lòt rezon ou bezwen yon lòt bilten vòt, tanpri kontakte AAA nan 1-800-529-5218 lendi rive vandredi soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Oubyen Sipèvizè Eleksyon OLMS la Yvette Hoyt nan 646-264-3190 oubyen pa imel nan ATU1181electionsupervisor@dol.gov pou mande yon diplikasyon bilten vòt.

Y ap pase pran bilten vòt yo a 9:00 è a.m. EST nan lendi 12 desanm 2016 nan Biwo Postal Radio City Station ki nan 322 West 52nd Street nan New York City. Rekipasyon final bilten vòt yo nan biwo lapòs la ap fèt a 5:00 è p.m. EST nan lendi 12 desanm 2016. Apre delè rekipasyon ki deziyen yo, reprezantan AAA yo, sipèvizè pa reprezantan OLMS yo ap pwosede a verifikasyon elijiblite elektè a. Kontaj la ap kòmanse madi 13 desanm 2016 a 9:00 è a.m. epi l ap kontinye jiskaske bilten vòt tout elektè elijib yo konte.

Yo pa otorize vòt pou kandida ki “ekri-non yo”. Si yo resevwa plis pase yon bilten vòt de yon manm, y ap konte dènye bilten vòt manm nan sèlman.

Pou elijib pou vote, yon manm dwe an règ nan dat 30 septanm 2016. Pèman kotizasyon le 15 chak mwa reponn ak definisyon an an rèk la. Manm ki gen aryere kotizasyon pou plis pase de mwa yo pa an règ. Manm ki pa an règ pou yon peryòd douz (12) mwa oubyen mwens yo ka restore repitasyon yo lè yo peye aryere ak tout frè retablisman yo pa pi ta ke madi 15 novanm 2016, dat y ap voye pakè bilten vòt yo pa lapòs bay manm yo. Yo konsidere nouvo manm ki te ranpli yon aplikasyon adezyon epi ki te enskri pou dediksyon otomatik nan travay yo, an règ.

Y ap otorize manm ki retirete ki kenbe repitasyon yo dapre Atik 21.13 Konstitisyon Entènasyonal la vote pou tout pòs yo.

NÒT: Se yon eleksyon bilten vòt postal sekre. Nan ka sa, manm yo dwe vote nan bilten vòt yo epi mete yo nan pòs la lè yo fin vote. Yo p ap konte bilten vòt yo si yo pa resevwa yo nan bwat postal la. Manm yo pa dwe pote bilten vòt yo nan espas travay yo epi livre yo nan non yo nan men. Si sa rive, yo p ap konte vòt yo.

Pwotestasyon eleksyon yo dwe soumèt bay U.S. Department. of Labor (Ministè Travay Ameriken) an OLMS, Sipèvizè Eleksyon an Yvette Hyt pa pita ke 23 desanm 2016 a 5:00 è p.m. EST, nan 201 Varick Street, Room 878, New York, NY 10014-4811. Gen lòt règleman oubyen klarifikasyon politik ki ka fèt apre piblikasyon anons sa, jan li nesèsè.